



Pou Piblikasyon Imedya: 17/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GAYAN TWAZYÈM TOU KONKOU BIZNIS
ALIMANTÈ AK AGRIKÒL GROW-NY LA**

Every Body Eat te resevwa gran pri 1 milyon dola

*Plis pase 3 milyon dola nan pri an lajan te bay ak uit jèn konpayi apre konkou
prezantasyon vityèl ak an pèsòn pandan de jou nan Syracuse*

*Finansman pou konkou an vini atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò:
CNY Rising, Finger Lakes Forward ak Southern Tier Soaring - Estrateji global
rejyonal*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse [Every Body Eat](#) te nonmen kòm gayan gran pri 1 milyon dola nan twazyèm tou konkou biznis teknolojik sou inovasyon alimantè ak agrikòl, ki konsantre sou amelyorasyon endistri emèjan inovasyon nan manje, bwason ak agrikilti nan New York Santral, Finger Lakes ak Southern Tier. Konkou inovatè a te atire yon lòt fwa ankò yon gwoup jèn konpayi eksepsyonèl ak talan antreprenè toutpatou nan monn lan pou patisipe nan konkou prezantasyon de jou li a ak senpozyòm li ke y ap tann anpil la. Every Body Eat te youn nan uit finalis pou pran pri an lajan an pandan seremoni pri Somè Alimantè ak Agrikòl Grow-NY ki te fèt nan Oncenter nan anba lavil Syracuse. Ekip ki genyen yo dwe angaje yo pou fonksyone nan New York Santral, Finger Lakes oswa rejyon Southern Tier pandan omwen yon ane, pandan y ap bay Grow-NY yon ti pati nan envestisman fon pwòp nan chak antite. Finansman pou konkou a, ke Sant pou Avansman Ekonomik Rejyonal (Center for Regional Economic Advancement, CREA) Inivèsite Cornell ap administre, bay atravè Inisyativ pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a.

"Mwen vle felisite tout konpayi yo ki te patisipe an twazyèm tou konkou Grow-NY la", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Konkou sa a pa sèlman pral ede konpayi sa yo inove, men tou pral sipòte ekonomi rejyonal Eta New York yo nan atire ankò plis atansyon tout monn lan sou endistri alimantè ak agrikòl nou ki rekonèt nan tout monn lan."

Every Body Eat, ki soti nan Chicago, IL, fabrike, komèsyalize ak vann manje ki gou ki san mayi, sik ak 14 alèjèn ki pi kouran yo, pou moun yo kapab jwi li, ansanm, kèlkeswa restriksyon oswa preferans nan manje.

"Nou onore toutbon dèske yo seleksyone nou—nan yon gwoup enkwayab jèn konpayi alimantè ak agrikòl—kòm gayan prensipal pri 1 milyon dola ane sa a nan Grow-NY", Wilson Nichole, Ko-Fondatè ak Prezidan Every Body Eat, te deklare. "Nou pa ka tann pou nou kòmanse itilize pri sa a ak tout koneksyon nou te fè nan rejyon an pou mennen konpayi nou an nan pwochen nivo a, elaji mache nou ak anboche plis talan". Pou twazyèm ane Somè Alimantè ak Agrikòl Grow-NY la, plis pase 1200 moun te enskri pou evènman an epi piblik la te gen opsyon patisipe swa an pèsòn oswa vityèl. Evènman an pèsòn lan te gen ladan gwoup diskisyon sou pi gwo pwoblèm endistri alimantè ak agrikòl la fè fas, yon somè ki prezante vandè ak òganizasyon ki sipòte kominote jèn konpayi yo ak yon konkou prezantasyon kote 20 premye finalis yo te prezante lide biznis yo bay yon odyans an dirèk. Yon komisyon senk jij endepandan—ki reflekte pwofondè ak lajè ekspètiz nan agrikilti, pwodiksyon ak antreprenarya—te tandè chak prezantasyon ak kesyon ki prezante anvan detèminasyon gayan prensipal yo.

Anplis premye pri 1 milyon dola a, yo te akòde tou de pri 500,000 dola ak kat pri 250,000 dola nan evènman final yo:

Gayan pri 500,000 dola: [Ascribe Bioscience](#), ki soti nan Ithaca, NY, itilize molekil siyalizasyon natirèl yo apati mikwobyòm tè a pou pwodui yon nouvo klas byopestisid efikas kont yon bann òganis epi ki pa toksik ki prepare sistèm iminitè plant yo pou ranfòse rezistans ak patojèn yo epi amelyore ranman rekòlt yo.

Gayan pri 500,000 dola: [Neupeak Robotics](#), ki soti nan Surrey, Kanada, pwodui aparèy ki rekòlte bè ki antyèman otonòm ki konsevwa pou travay nan tout sitiyasyon tan ak nan kondisyon ki gen limyè, ansanm avèk travayè imen, pou ekonomize lajan agrikiltè yo nan chaje yon to fiks pou chak liv bè ki kolekte.

Gayan pri 250,000 dola: [DraughtLab](#), ki soti nan Webster, NY, pwodui zouti sansoryèl bon kalite pou chak nivo ekspètiz sansoryèl, ki ofri solisyon analiz sansoryèl pratik ak abòdab ki founi valè reyèl pou konpayi yo kèlkeswa gwosè yo.

Gayan pri 250,000 dola: [EmGenisys](#), ki soti nan Houston, TX, se yon platfòm evalyasyon sante anbriyon ki bay sistèm evalyasyon anbriyon ki pi konplè, ki amelyore rezilta gwosès teknoloji repwodiksyon asiste nan betay.

Gayan pri 250,000 dola: [Nordetect](#), ki soti nan Copenhagen, Dànmak, bay analiz chimik rapid pou eleman nitritif yo nan endistri agwoalimantè a. Premye pwodui konpayi a se yon tès laboratwa-sou-pis pou eleman nitritif yo jwenn nan echantiyon tè, dlo ak fèy ki vize optimize kantite angrè ki itilize pou kiltive rekòlt yo.

Gayan pri 250,000 dola: [WeRadiate](#), ki soti nan Buffalo, NY, gen yon solisyon ki pare pou amelyore kalite tè a apati materyèl, lojisyèl ak teknoloji done, ki ofri yon gam konplè zouti pou kreye pwodui fini konpòs trè efikas ak bon kalite nan tout sit konpostaj yo.

Jij yo te baze desizyon pou prim yo sou senk kritè sa yo:

- **Vyabilite Komèsyalizasyon ak Modèl Biznis** - Jenerasyon revni ak antretyen yon estrikti depans ki pèmèt yon konpayi ki konpetitif ak dirab; demontre preparasyon teknolojik oswa inovasyon aplikan an pou satisfè pwopozisyon avantaj nesèsè li a.
- **Ekip** - Demonstrasyon yon nivo koezyon, achèvmman ak preparasyon anndan, epi divèsite ak enklizyon pami fondatè, anplwaye ak konseye biznis lan ki pral pèmèt ekip la opere nan potansyèl li.
- **Avantaj Kliyan** - Founi gwo avantaj pou kliyan ke yo vle peye pou li; abòde yon mache konsiderab.
- **Inovasyon Agrikòl ak Alimantè** - Pouse teknoloji nan manje ak agrikilti epi kontribiye pou rann rejyon nò New York la tounen yon lidè global nan inovasyon agrikòl ak alimantè.
- **Kreyasyon Djòb Rejyonal** - Potansyèl pou kreye djòb bon kalite nan rejyon Grow-NY ak enpòtans pou ekosistèm alimantè ak agrikòl ki egziste a.

Konkou a te bay tou yon pri "Chwa Piblik" pou jèn konpayi piblik la te vote ki gen prezantasyon ki pi inovatè ak pwometè. [Agri-Trak](#), ki soti nan Williamson, NY pral resevwa 10,000 dola lajan kach ke Wegmans esponsòriz, ak 5,000 dola nan sèvis maketing ki soti nan The Martin Group. Agri-Trak se yon swit aplikasyon jesyon agrikòl, ki devlope espesyalman pou endistri pòm lan. Swit la gen ladan modil pèsonalize ki bay enfòmasyon an tan reyèl nan gadjèt fasil pou li ki pèmèt fèm yo pran desizyon enfòmè ki baze sou done.

Ekip gayan yo pral gen obligasyon pou fè yon enpak ekonomik ki pozitif nan rejyon Grow-NY la, ki prezante konte yo nan New York Santral, Finger Lakes ak rejyon Southern Tier nan eta a kote gen tè agrikòl dinamik ak plizyè gwo sant iben, sa gen ladan Rochester, Syracuse ak Binghamton.

"Nan kreye nouvo djòb ak pataje nouvo lide, gayan premye de tou konkou alimantè ak agrikòl Grow-NY la te fè yon gwo diferans nan ekosistèm alimantè ak agrikòl rejyon an nan mwens pase de ane", **Direktè Pwogram Grow-NY la, Jenn Smith, te deklare.** "Nou konfyan ke gayan yo ane sa a pral kontinye kwasans sa. Kalite jèn konpayi yo ki nan konkou a pou prim yo ane sa se yon bagay enkwayab—felisitasyon pou tout gayan yo!"

An gwo, 330 jèn konpayi te aplike apati 32 peyi, sa gen ladan Sengapou, Izrayèl ak Swis. Nan Etazini, 23 Eta te reprezante, sa gen ladan 138 enskripsyon ki soti New York. 44 pousan nan aplikan yo gen ladan yon fondatè fanm epi 51 pousan gen ladan yon fondatè ki soti nan yon gwoup minoritè ki mal reprezante, ki se yon ogmantasyon konsiderab pa rapò ak gwoup aplikan ane pase a. 20 finalis yo te resevwa oryantasyon dedye nan men konseye biznis rejyonal ki byen seleksyone anvan konkou an.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Hope Knight te deklare, "Felisitasyon a tout gayan jodi a yo ak tout moun ki te patisipe nan twazyèm tou konkou Grow-NY la. Konkou biznis ki baze sou agrikilti a reflekte sipò kontinyèl Eta New York pou konstwi ekosistèm antreprenarya yo ki vize ranfòse devlopman ekonomik inovatè nan zòn fèm ak agrikòl rich yo nan Finger Lakes, rejyon Santral ak Southern Tier yo".

Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), Richard A. Ball, te deklare, "Konkou Grow-NY la mete aksan sou fòs ak divèsite New York nan agrikilti ak biznis alimantè yo, atire konpayi ki enteresan ak depwent yo k ap kreye teknoloji agrikòl ak djòb pou lavni pandan y ap sipòte fèm lokal nou yo. Felisitasyon ak gayan yo ansanm ak tout jèn konpayi ak antreprenè yo ki te patisipe nan konkou a. Kounye a, nan twazyèm tou li, Grow-NY ap pwouve li se yon pwogram ki entegral pou devlope ak amelyore ekonomi agrikòl New York".

Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral epi Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral la, Wolkenn ak Deborah Stanley, Prezidan State University of New York nan Oswego, te deklare, "Nou kontan ofri anpil felisitasyon a tout gayan jodi a yo ak tout moun ki te patisipe nan twazyèm tou konkou Grow-NY la ki te fèt ane sa a nan anba lavil Syracuse. Eta New York kontinye eksperimente kwasans san parèy nan endistri agrikòl ak alimantè yo. Konkou Grow-NY la reprezante yon lòt investisman enteresan nan kominote nou ki pral kore pi plis toujou kwasans nan djòb nan rejyon nou an ak sipòte plis baz agrikòl nou an nan New York Santral k ap asire rejyon an kontinye devlope".

Ko-Prezidan Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la, Bob Duffy, Prezidan ak Direktè Egzekitif Chanm Komès Rochester ak Doktè Denise Battles, Prezidan SUNY Geneseo, te deklare, "Nou fyè anpil de tout moun ki te patisipe nan twazyèm tou konkou inovatè sa a. Konsèy rejyonal la konsantre anpil sou devlope endistri agrikòl ak alimantè eta a yo. Investisman kontinyèl nou nan konkou Grow-NY la ap travay pou konekte patnè nan endistri lokal la avèk lide depwent antreprenè sa yo, sa k ap kontinye sipòte apwòch ki gen plizyè volè nou an pou kreye yon ekonomi rejyonal ki pwospère".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Southern Tier a, Judy McKinney Cherry, Direktè Egzekitif, Patenarya Konte Schuyler pou Devlopman Ekonomik lan ak Doktè Kevin Drumm, Prezidan SUNY Broome Community College, te deklare, "Nou ta renmen prezante felisitasyon sensè nou bay ekip gayan yo ak bay tout konkiran twazyèm tou Grow-NY la. Inovasyon ak antreprenarya esansyèl pou lavni ekonomi nou an. Endistri agrikòl nan New York se youn nan sa ki pi divèsifye ak prestijye nan monn lan, epi inisyativ sa a distenge New York de lòt eta yo, san dout li kontinye ogmante siksè ekonomik rejyon nou yo".

Pou plis enfòmasyon sou konkou Grow-NY la, vizite <https://www.grow-ny.com>.

Pou ou jwenn plis enfòmasyon sou Sant pou Avansman Ekonomik Rejyonal Inivèsite Cornell la, vizite <https://crea.cornell.edu/>

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplete pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou investi nan endistri kle, sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Kounye a, rejyon an ap akselere Finger Lakes Forward gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a ap fè nan kad Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising", ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Kounye a, rejyon an ap akselere CNY Rising kounye a ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative). Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 5,900 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konpleman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Investisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)